WIKIPÉDIA

Basa Melayu Bengkulu

Basa Melayu Bengkulu atawa **Dhialèk Melayu Bengkulu** ya iku dhialèk basa Melayu kang ana ning Kutha Bengkulu, Provinsi Bengkulu. Wong kang nganggo basa iki meneng ning tlatah sekubengané Penurunan, Pasar Baru, Anggut Atas, Sumur Meleleh, Berkas, Pondok Besi, Pasar Melintang, Tebek, Jitra, Kebun Ros, Kampung Bali, Malabero, Bajak, Kampung Kelawi, lan Kebun Geran. Miturut Ethnologue, basa Melayu Bengkulu manjing ning basa-basa Melayu Tengah. Cacah wong kang nuturnang basa iki setitik. Basa Melayu Bengkulu rada padha karo basa Minangkabo kang uga manjing ning kulawarga basa Melayu. Kang paling katon ya iku korèspondhènsi swara akiran [a] Melayu baku dadi [o] ning Melayu Bengkulu.

Conto frasa lan ukara

- Luso bak suda wiwit metik kopi
- Kemaghin ado pulisi nangkoq penciloq
- Jangan suko nokoq adik!
- Tino eloq
- Tobo-tobo iko boli bejalan atau naik oto
- Lanang iko geghot, hanyo tingka lakunyo idak elok

Rujukan

- Imranuddin, D.; dkk. (1994). *Morfosintaksis Bahasa Melayu Bengkulu*. Jakarta: Depdikbud.
- http://www.ethnologue.com/language/pse/19